QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI
NO'KİS QALASI

HA'KİMİNİN ShESHİMİ

QORAQALPOG'İSTON RESPUBLİKASİ
NUKUS SHAHAR

HOKIMINING QARORİ

Dosnazarov ko'shesi 96- jay — Tel: (361) 222-71-01

«10» 04 2018-жыл № 05/04-66 Нөкис қаласы

Нөкис қаласы Х.Абдамбетов-Тахиатас гүзары, П.Сейтов-Мәртлик көшелери кесилиспесинде жол ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасының 2018-жыл 23-январь 11/6-138-санлы автотранспорт айдаўшыларының тезликти асырыўы нәтийжесинде велосипед айдаўшылар ҳәм пиядаларды қағып кетиў жағдайлары көплеп ушырасып, аўыр ақыбетли жол транспорт ҳәдийселери келип шығып атырғанлығы себепли, автотранспортлардың қәўипсиз ҳәрекетлениўин тәмийинлеў мақсетинде, светофор техник үскенесин орнатыў ҳаққындағы усынысын қарап шығып, Өзбекстан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрел, 15-сон, 197-модда)ның 7-статьясына, Өзбекстан Республикасы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н :

1. Нөкис қаласы Х.Абдамбетов-Тахиатас гүзары, П.Сейтов-Мәртлик көшелери кесилиспесине светофор техник үскенеси орнатылсын.
2. П.Сейтов-Мәртлик көшелери кесилиспеси базарша алдына 3.28 «Тоқтаў қадаған» тәсир етиў аралығы 100 м жол белгиси орнатылсын.
3. Жол белгисин белгиленген тәртипте орнатыў, Нөкис қалалық ишки ислер бөлими (Г.Аметов)не тапсырылсын.
4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары И.Отегеновқа жүкленсин.
5. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтына жайластырылсын.
6. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Ҳәким ў.ў.а: **П.Турешев**